

Avi Enpòtan pou Fanmi yo

LÈ MOVE TAN OBLIJE N FÈMEN LEKÒL YO: KISA W KA WÈ SOU CHÈN 7 (CHANNEL 7 NEWS / WHDH)

Chèn Televizyon 7 lan (WHDH-TV / Channel 7 “Storm Force”) ap gen yon apwòch lejèman diferan lè l ap rapòte lekòl ki fèm nan sezon livè sa a. Li enpòtan pou fanmi yo konnen chanjman sa yo pou yo ka evite konfizyon, pou yo pa twonpe yo, konsènan si lekòl Boston yo fèm ou rete ouvè lè gen tanpèt denèj.

Anplis glisman lis lekòl yo jan l abitye fè sa a, ak tout distrik ki anonse y ap fèm oubyen y ap ouvri pita yo, “Channel 7” ap montre yon lòt lis piwo nan menm moman an, k ap endike sa k ap rive sèlman nan 10 pi gwo distrik yo. Alò Boston se youn pami pi gwo distrik lekòl sa yo nou pral wè nan lis espesyal sa a.

Lis 10 pi gwo distrik sa yo (“Big 10”) pral parèt ak tout 10 distrik yo. Menm si youn pa rapòte l ap fèm, Chèn 7 lan ap toujou montre li nan lis “Big 10” lan. L ap endike fèm “closed”, ouvè “open” oubyen – si pankò gen desizyon konsènan lekòl sa a, Channel 7 ap endike – pa gen rapò “no report” ou “no status”.

Note: “Boston - CLOSED” se sèl mesaj k ap endike lekòl Boston yo fèm e ke elèv Boston pa dwe vini lekòl.

Note silvoulè ke se sèlman sou “Channel 7” chanjman sa yo ap rive selon sa nou konnen koulye la a. Daprè enfòmasyon n genyen, lòt chènn TV ak radyo yo ap kontinye anonse fèmti lekòl jan yo te konn abitye fè l lan.

Si w gen nenpòt kesyon konsènan kozman sa yo sou Chèn 7 lan, ou kapab rele direktè lekòl pitit ou an.



[Yon echantiyon ekran: Lè n fèm lekòl akoz move tan, men kijan sa pral parèt sou TV an.]